**РЕЗЮМЕ.** В статье анализируются поэтика и образная система песенной лирики Виктора Цоя – лидера группы «Кино» и одного из культовых представителей русского рока 1980-х годов. Особое внимание уделяется лирическому субъекту и адресации в текстах Цоя (соотношению «я» и инклюзивного «мы», специфике обращения к адресату), ключевым образным полям и хронотопам его поэзии (ночь и день, верх и низ, природа и город, путь и время), а также формальным стратегиям рок-поэтики (метрическо-ритмические особенности, строфика, рефренность, композиция).

**SUMMARY.** The article analyzes the poetics and figurative system of song lyrics by Viktor Tsoi, the leader of the Kino group and one of the cult representatives of Russian rock of the 1980s. Particular attention is paid to the lyrical subject and addressing in Tsoi's lyrics (the relationship between "I" and the inclusive "we", the specifics of addressing the addressee), the key figurative fields and chronotopes of his poetry (night and day, top and bottom, nature and city, path and time), as well as the formal strategies of rock poetics (metric and rhythmic features, strophic, refrain, composition).

## TURMÍSLÍQ MOTIVLERDEGI TIPOLOGIZM
## (qaraqalpaq hám qazaq xalıq ańızları mısalında)

**I.Allambergenova** – *filologiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı, docent*
*Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti*

**Tayanch so'zlar:** qoraqalpoq xalq og'zaki ijodi, qozoq xalq og'zaki ijodi, rivoyatlar, maishiy motiv, tipologiya.
**Ключевые слова:** каракалпакский фольклор, казахский фольклор, предания, бытовой мотив, типология.
**Key words**: Karakalpak folklore, Kazakh folklore, legends, domestic motive, typology.

**Kirisiw.** Xalıq awızeki dóretiwshiliginiń proza janrlarında tipologiya máselesi elege shekem óziniń izertleniw baǵdarlarına iye emes. Ásirese, ańızlardıń tipologiyasın úyreniwde ayırıqsha zárúrliklerdiń júzege shıǵıp turǵanlıǵı kózge taslanadı. Sebebi, ańızlar uzaq dáwirlik tariyxıy-folklorlıq janr sıpatında qáliplesip hám rawajlanıp kiyatırǵanlıqtan olardıń waqıyalıq, mazmunlıq, syujetlik, kompoziciyalıq qatlamlarınan tipologiyalıq xarakterge iye bolǵan belgiler tereń orın alǵan. Belgili bir tiplesken syujetlerdiń ańızlardaǵı qollanılıw jaǵdayları hár qıylı sebeplerge baylanıslı iske asırılıp otıradı. Biz usı sebeplerge itibar beriw, olardı úyreniw arqalı ata-babalarımızdıń basqa xalıqlar menen mádeniy-etnikalıq qatnasların, dóretiwshilik uqıplılıqları, dógeregin qorshaǵan dúnyaǵa kózqarasların, turmıs dástúrlerin, óz ara ishki-sırtqı mashqalalaların tariyxıy-folklorlıq baǵdardan durıs bahalay alıwımız múmkin.

Folklordaǵı uqsaslıq penen sáykesliktiń ózi tipologiyalıq, genetikalıq jáne tariyxıy-mádeniy baylanıslıq dep bólinedi. Sonıń menen birge tuwısqan xalıqlardıń rawajlanıwınıń hár túrli basqıshlarında xalıqlardıń uzaq waqıtqa shekem bir-biri menen mádeniy qarım-qatnaslarında bolıp folklorın salıstırıp izertlew de júdá paydalı. Ulıwma alǵanda salıstırmalı-tariyxıy metodtıń nátiyjesi bolıwı belgili bir xalıqtıń folklorlıq materialın hár tárepleme úyreniw menen tikkeley baylanıslı.

Ańızlarda waqıyalardı bórttiriwshilik, obrazlardı ideallastırıw principleri jiyi qollanılıp otıradı. Álbette, bul jaǵday ańızlardıń barlıq túrleri ushın hátte bir ańız túrindegi bayanlawlar ushın bárine birdey xarakterli emes. Biraq, belgili adamlar hám olarǵa baylanıslı waqıyalar haqqındaǵı tariyxıy ańızlarda kóbirek usınday usıllar qollanılatuǵının atap ótiwimiz tiyis.

**Metodlar.** Maqala jazıwda salıstırmalı-tariyxıy tipologiyalıq metodtan paydalanıldı.

**Tiykarǵi bólim.** Qaraqalpaq xalıq ańızlar mazmunlarında tiplesken syujetler qatarına suw mashqalalarına baylanıslı maǵlıwmatlardı da qosıwımız múmkin. «Adaq qala» ańızında Gáwirdiń patsha qızına ashıq bolıw motivi, aytqanı bolmaǵannan keyin saǵanı baylap qızdıń elin suwsız qaldırıwı, qızdıń hiyle oylap, Gáwirdi aldap shárt qoyıwı, ol shártiniń saǵanı ashqannan keyin suw izine jetken jerde saǵan tiyemen dep belgileniwi, qulınlı biyeniń «qulınına jetemen» dep suwǵa jetkermey shabıw motivleri «Sultan saray» ańızındaǵı Sultan Súyinniń Nazlımxansulıwǵa ashıq bolıp «Aqsha» kóldiń saǵasın baylap taslawı, joqarıdaǵıday qulınlı qırıq biye menen bolǵan hiyleli háreketleri, usıǵan uqsas. «Aqsha kól» ańızındaǵı Nazlımxan sulıwdıń 20 biyesi hám bir qatar mazmunlas syujetler jergilikli geografiyalıq sharayatlarǵa súyengen halda sóz etiledi. Bul ańızlardıń tipologiyalıq mazmun alıwında xalıqtıń bir neshe mártebe suw tańsıqlıǵına duwshar bolıwı, olardan qutılıw ilajları sıyaqlı turmıslıq haqıyqatlıqlarda úlken tásir jasaǵanlıǵı seziledi. «Aqsha kól» ańızındaǵı «suwsızlıqtan búlingen tómendegi xalıq posıp kóshe baslaydı. Endi bunıń aqıbetiniń jaman bolıp baratırǵanın bilgen Nazlımxansulıw Sultan-Súyin patshaǵa dáryanı ashsa tiyetuǵınlıǵın xabarlaydı. Biraq Nazlımxansulıw jigirma qulınlı biyeni qulınınan ayırıp, jigirma jerge baylap ketedi. Sultan-Súyin dáryanı qullarına ashtırıp suw aǵıp ketken waqıtlarında atına mine qashadı. Qulını qalǵan biye qulınına jetiw ushın shaba beredi. Biri sharshap boldırǵan waqta, ekinshisin minip shabadı. Ol sharshaǵanda úshinshi attı minedi… Sóytip kete beredi. Usılay etip ol qashıp qutıladı» [2:110] delingen epikalıq maǵlıwmat xalqımız ortalıǵında tiplesken motivtiń tiykarǵı mazmunın sáwlelendire aladı.

Atqa minip suw tasqınnan qashıw motivi Dáwqara ańızında da sáwlelengen. Onda Dáwqaranıń qızı Makaryaǵa qalıńlıq oynap kelgende kúyewi onı suw apatınan qutqarıw ushın alıp qashıwǵa májbúr boladı [2:114].

Usınday birdey mazmundaǵı waqıyalıq motivlerdiń epikalıq kórinisleri jergilikli sharayatlarǵa bekkem baylanıstırılǵan halda iske asırıladı hám ondaǵı qaharmanlar jámiyetlik talaplardı biykarlawshılar hám olardı iske asırıwshılar bolıp xalıqlıq sananıń tariyxıy-epikalıq kózqarastan sáwleleniwin támiynleydi. Bunda waqıyalardıń qaytalanıwı, bir ańızdan ekinshi bir ańızǵa kóship júriwi májbúriy emes, al zárúrlikten kelip shıǵıp tipologiyalıq mazmun payda etedi. Ańızlardaǵı konfliktlik jaǵdaylardı sheshiwde tiplesken obrazlar yamasa waqıyalar baslı áhmiyetke iye.

Qaraqalpaq ańızlarında satqın qızlar obrazları da orın alǵan. Olardıń biri «Gúldirsin» ańızı bolsa, ekinshisi «Baǵdat» ańızında sáwlelengen. Ondaǵı qaharmanlar hár qıylı dáwirlik qatlamlarǵa tiyisli bolıp, derlik bir waqıyalıq motiv penen bayıtılǵan. Olardıń ekewi de qalanıń atı menen baylanıslı payda bolǵan. «Gúldirsin» ańızında qalanı jawlap alıwshılar mońgollar, «Baǵdat» ańızında qalmaqlar dep atalıp ótiledi. Álbette, bul jawlap alıwshılardıń xalqımızdıń turmısın keskin túrde keri tásir jasaǵanlıǵın narazılıq belgisi retinde kórinedi. Biraq haqıyqıy narazılıq «satqın qızlar»

dıń moyınına júklengen. Olar jawları neshe kúnlep, neshe aylap qamal etken qalanı ala almay izine qaytıp baratırǵan payıtta Gúldirsin Shaxzadaǵa ashıq bolıp xat jazıp jiberip jurtına qıyanet etse, Baǵdattıń patshasınıń qızı (ańızda atı atalmaydı-I.A) qalmaqtıń xanına ashıq bolıp endi ketpekshi bolıp atırǵan jawlarına pátpelekke xat jazıp qalanıń dárwazası qay jerde ekenligin aytıp ushırıp jiberedi. Biraq, bunda ashıq bolǵan jaw táreptegi adamınıń qızdı jazaǵa tartıw motivi joq. Degen menen, bunday tipologiyalıq baǵdardaǵı syujetlerdiń ayırım detallarınıń birinde bolıp, basqasında ushıraspawı tiykarǵı motivtiń tiyisli jerinde qollanılıw imkaniyatlarına keri tásir jasay almaydı. Bundaǵı tiplesken obraz satqın qız óziniń qılwalı háreketleri menen aq ózin-ózi jazaǵa baslap baratuǵınlıǵın xalıqlıq logikanıń jelisi arqalı túsiniw múmkin. «Bul ańızda qıyanetshege qaratılǵan pútkil xalıq ǵázebi» sáwlelengen [3:104] hám ol tipologiyalıq motiv dárejesine shekem ósip jetilisken.

Qaraqalpaq hám qazaq xalıq ańızlarında bir-birine ashıq bolǵan qız-jigitlerdiń qosılıwı ushın qızdıń atasınıń jigitke shárt qoyıw motivi de tiplik xarakterge iye. Bunday ańızlar kóbirek eski qorǵan qalalardıń atamalarına baylanıslı waqıyalarda sóz etiledi. Solardıń biri «Ketenler»de xan «kimde kim jaw ala almaytuǵın qala salıp berse, soǵan qızımdı beremen» – dep wáde etedi. Xannıń qızı menen burınnan sóylesip júrgen Ketenler qızdı alıp qashıp ózi salıp qoyǵan qalaǵa barıp bekinip aladı. Quwǵınshı nókerler qalanı qorshap aladı. Ketenler menen bir neshe kún urıs qılsa da olardı jeńe almay, qalaǵa kire almay nókerler izine qaytıp ketedi. Soń Ketenler xannıń qızın alıp atasınıń aldına baradı. Ol óz ayıbın moynına alıp xannıń qızına iyelik etiw ushın qoyǵan shártin esletedi. Xan buǵan qayıl boladı [2:106].

Al qazaq folklorındaǵı Qozı Kórpesh penen Bayan sulıwdıń muhabbatı tuwralı ertedegi ańızda bılay delingen: jas waqtınan dos bolǵan Sarıbay menen Qarabay aqılay quday bolıp perzentleriniń turmıs qurıwına ant etedi. Sarıbay ulınıń dúnyaǵa kelmesinen aq ań awlap júrip qaytıs boladı. Ele bir-birin kórmegen Qozı menen Bayan bir-birine ashıq bolıp qaladı. Waqıt ótkennen keyin opasız Qarabay sózinde turmay malın aman alıp qalǵan jergilikli palwan Qodarǵa qızın beriwge wáde beredi. Qodar eki ashıqtıń arasın buzadı. Bayan Qozını óltirgen adamnan kek alıw ushın hiyle oylaydı.

Qodarǵa bulaq suwı bar qudıq qazıp berse, oǵan turmısqa shıǵaman dep wáde beredi. Hiyleker Qodar Bayannıń shashın uslaǵan sayın jumısı ońınan keletuǵınlıǵın biledi. Bunı sezgen qız birden shashın kestirip taslaydı. Qodar úlken jardan qulap túsip sol jerde nabıt boladı. Usılayınsha Qodardan kek aladı. Qariyalardıń aytıwınsha bir waqıtları qızıl jáne aq ájayıp gúl ósip turǵanın aytadı...Biraq gúller kelgen sayaxatshılardıń kózin quwantpaydı. Olar iyilip, quwrap qaladı. Jılqıshı Qozı Kórpesh penen Bayan sulıwdıń atları on bes ásirden berli ajıralmaydı [5]. Bul ańızda aqlay quda bolıw jáne shárt qoyıw motivlerin kórsek boladı. Qozı Kórpesh hám Bayan sulıw haqqındaǵı ańız qazaq xalqınıń eski ańızlarınan bolıp, bunda eki jas arasındaǵı muhabbat hám muhabbat jolında ushırasatuǵın qıyınshılıqlarǵa bekkem birge góresiw menen birge adamgershilik qásiyetleri sóz etiledi. Qazaq xalqı arasında Qozı Kórpesh penen Bayan sulıw hadal muhabbattıń tımsalı esaplanadı.

Qaraqalpaq hám qazaq folklorında belgili bir shártti orınlap úyleniw motivleriniń kórinisleri «Nazlum-Xan sulıw», «Ayazxan», «Qozı Kórpesh penen Bayan sulıw», «Ketenler» t.b. ańızlarında ushırasadı. Bunıń tiykarǵı dárekleri áyyemgi dáwirlerdegi bir jas kategoriyasınan ekinshi jas kategoriyasına ótiw dáwirlerindegi (iniciaciya) sınaq dástúrleri menen sabaqlas bolıwı múmkin. Sebebi, bul motiv dúnya júzi xalıqlarınıń erteklerinde, ańız-ápsanalarında, dástanlarında júdá kóplep ushırasadı. Qaraqalpaq hám qazaq qaharmanlıq dástanları, batırlıq jırlarında epikalıq qaharmanlardıń úyleniw syujetleriniń basım bólegi olardıń belgili sınaqlardan ótiwi, shártlerdi orınlawı arqalı iske asırılıp otıradı. Soǵan qaraǵanda erteden qáliplesip kiyatırǵan bul syujetlik motivler dáslep ańız-áńgime dárejesinde payda bolıp soń qaharmanlıq dástanlardıń tiykarǵı mazmunlarınıń birine aylanǵan bolıw itimalı bar dep shamalaymız. Durıs, bunday tiptegi ańızlardı tolıǵı menen tariyxıy haqıyqatlıq dep qabıl ete almaymız. Biraq, ortaǵa qoyılǵan talap hám olardı orınlaw nátiyjeleri jámiyetlik mazmun alıp tipologiyalıq motivlerge aylanǵanlıǵı biykar emes. «Olar tariyxıy mashqalalardıń hám tariyxıy obrazlardıń tipologiyası menen bekkem baylanısqan» [4:166]. Álbette, waqıyalıq baǵdardaǵı tipologiyalıq motivlerde tiykarǵı ózeklik áhmiyetke iye bolǵan mazmun saqlanadı da, olardıń bayanlanıw processleri xalıqlıq dóretiwshilik usıllardıń epkininde tolıqtırılıp yamasa qısqartılıp jergilikli talaplarǵa sáykeslestirgen halda rawajlanıp baradı. Waqıyalardıń tariyxıy-tipologiyalıq jollar menen transformaciyalanıwı ańızlardı mazmunlıq jaqtan bayıtıw menen birlikte, olardıń kompoziciyalıq tárepten de jetilisiwin támiyinlep otıradı. Tiplik mazmunǵa aylanǵan hár bir syujet milliy xalıqlıq sanaǵa jámiyetlik zárúrliklerge say kelgende ǵana rawajlanıw imkaniyatına iye bolıwı múmkin. Eger olar belgili bir ortalıqtıń sociallıq, mádeniy-estetikalıq talaplarına juwap bermeytuǵın bolsa ózleriniń áhmiyetin joǵaltıp aladı hám tiplik sıpatların biykarlaydı yaǵnıy olar tiplesken syujetler toparınan orın ala almaydı.

Qaraqalpaq hám qazaq xalıq ańızlarınıń tiplik xarakterlerin anıqlawda etnonimlik, toponimlik, tariyxıy waqıyalar hám tariyxıy obrazlar tipologiyası ózgesheliklerine itibar beriw ayrıqsha áhmiyetli. Máselen, toponimlik ańızlarda adam atları menen atalatuǵın awıl-el, jer, dárya, kól atamaları, reńlik ózgesheliklerine, kólemine, tereńligine yaki sayızlıǵına tiykarlanǵan kól, dárya atamaları, jerdiń quramlıq sıpatların belgilewshi atamalar, kól quslarına, suwdaǵı ósetuǵın ósimliklerge, jerdiń yamasa kóllerdiń ónimdarlıǵına, adamlardıń kásiplerine, urıw-tiyresine hám t.b. [1:38] sebepler menen payda bolǵan atamalar logikalıq xarakterdegi tipologiyalıq túsiniklerdi sáwlelendiretuǵın dárekler bolıp tabıladı. Óytkeni bunday atamalar ózleriniń hár qıylı mánilerde atalıwlarına qaramay anıq bir baǵdardaǵı pikirlerdi óz mazmunlarında jámlestiretuǵın cikllik ózgeshelikleri menen ajıralıp turadı.

Etnonimlik ańızlardaǵı xalıq, qáwim, urıw, tiyre atamaların belgileytuǵın tipologiyalıq tiykarlar kóbirek olardıń kásiplik ózgesheliklerinde kórinedi. Álbette, bunda urıw basılardıń jeke sırtqı kórinislerine (múy-tán), jeke qabiletlerine (qańlı), shıǵıs dáreklerine (qıpshaq, qandekli) hám t.b. sıpatlarına ılayıqlastırılıp dóretilgen ańızlarda da tipologiyalıq mazmun jiyi qatnasıp otıradı. Buǵan qosımsha olardıń mazmunlarında dástúrli epikalıq motivlerde paydalanılıwı múmkin. Etnonimlik ańızlar genetikalıq basqıshtan da, tipologiyalıq basqıshtan da tiyisli maǵlıwmatlarǵa bay bolıp mazmunları tariyxıy epikalıq syujetlerdi sáwlelendiriwge xızmet etedi.

Tariyxıy waqıyalar hám tariyxıy shaxslarǵa baylanıslı dóretilgen ańızlarda bolsa waqıyanı giperbolizaciyalaw, tariyxıy shaxslardıń obrazların ideallastırıw dástúrleri tiykarǵı epikalıq usıllardıń biri bolıp olardıń ayırımları tipologiyalıq syujetlerdiń járdeminde iske asırıladı.

Aleksandr Makedonskiy (Iskender Zulxarnayn), Áplatun (Platon), Árastun (Arestotel), Oǵuz xan, Shıńǵıs xan, Xoja Axmed Yassawiy, Hákim ata (Sulayman Baqırǵaniy) hám t.b. haqqındaǵı ańızlarda tipologizmler mifologiyalıq baǵdardaǵı syujetlerde óz sáwleleniwlerin tapsa, XVIII-XIX ásirlerde payda bolǵan Maman biy, Aydos biy, Ernazar alakóz, Abılay, Sırım, Isatay-Maxambet t.b ańızlarda real tipologiyalıq motivlerdi jiyi ushıratamız. Bul tábiyǵıy halat bolıp, xronologiyalıq jaqtan olardıń mazmunlarına názer taslaǵanımızda dáwirlik qatlamlardıń kem-kemnen abstrakt túsiniklerden real túsiniklerge bet burıp kiyatırǵanlıǵınıń guwası bolamız.

Tariyxıy ańızlarda qaraqalpaq hám qazaq xalqınıń birneshe ásirlik turmısı tuwralı maǵlıwmatlar beredi.

Tipologiyalıq motivler diniy baǵdardaǵı ańızlardan da orın alǵan. Olarda áyyemgi totemlik, animistlik, shamanlıq kózqaraslar sóz etilip, kóshpeli, awıspalı syujetler tásirinde diniy túsiniklerdi sáwlelendiriw ushın paydalanıladı. Ásirese, Orta ásirlerge kelip islam dininiń túrkiy xalıqlar ortalıǵında keń en jayıwı jańa baǵdardaǵı syujetlerdi payda etti hám burınnan qáliplesip, rawajlanıp kiyatırǵan syujetlerge jańa tipologiyalıq sıpatlamalar berilip olardı úgit-násiyatlaw jumısların jedellestiriw hám tásirsheńlik ózgesheliklerin arttırıwdı óz aldılarına wazıypa etip qoydı.

**Juwmaq.** Ulıwma, qaraqalpaq hám qazaq xalıq prozasındaǵı ańız janrında qollanılatuǵın tipologiyalıq usıllar áyyemgi dáwirlerden beri qarayǵı hár qıylı jámiyetlik qatlamlardıń ózine tán ózgesheliklerin mazmunlarına sińirgen hám olarǵa milliy tús bergen, etnikalıq óz ara mádeniy, tariyxıy, ekonomikalıq baylanıslar nátiyjesinde bayıtılǵan waqıyalardı, obrazlardı, syujetlerdi jergilikli shárt-sharayatlarǵa ılayıqlastırılǵan ózgeshelikleri menen daralanıp turadı.

**Ádebiyatlar**

1. Ábdimuratov Q. Nege usılay atalǵan? – Nókis: «Qaraqalpaqstan», 1965.
2. Bahadırova S., Mámbetnazarov Q. Qaraqalpaq ańızları, ápsanaları hám sheshenlik sózleri. – Nókis: «Qaraqalpaqstan», 1992.
3. Musina Ǵ. Ózbek xalq dostonlarida Xotin qizlar obrazi. – Toshkent: «Fan», 1983.
4. Путилов В.Н. Типология фольклорного историзма. В кн. Типология народного эпоса. – Москва: «Наука» 1975.
5. https://anyz.pushkinlibrary.kz/ru/iz-ust-v-usta/legenda-o-kozy-korpesh-i-bayan-sulu/

**REZYUME.** Maqolada qoraqalpoq va qozoq folkloridagi tipologiya masalasi muhokama qilinadi. Qoraqalpoq va qozoq rivoyatlari tahlil qilingan. Xalq og‘izaki ijodiyotida rivoyatlarining tipologiya masalasi haligacha o‘rganilmagan, ayniqsa, qoraqalpoq va qozoq rivoyatlarining tipologiyasi, tipologik syujetlar, tipologik obrazlar tadqiqot obyektiga olinmadi. Qoraqalpoq va qozoq xalq rivoyatlarini qiyosiy o‘rganish ishlari haligacha dolzarb mavzu. Sulton Saroy, Aqsha kól, Guldursun, Ketenler, Kozi Ko‘rpesh va Bayan suluv va boshqa rivoyatlar bu maqolada tahlil qilinadi.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье рассматривается проблема типологии каракалпакского и казахского фольклора. Анализируются каракалпакские и казахские предания. Проблема типологии преданий в устном народном творчестве до сих пор не изучена, особенно типология каракалпакских и казахских преданий, типологические сюжеты, типологические образы не были учтены в исследовании. Сравнительное изучение каракалпакских и казахских народных преданий по-прежнему остается актуальной темой. В данной статье анализируются сказки «Султан Сарай», «Акша Кол», «Гульдурсун», «Кетенлер», «Козы Корпеш», «Баян Сулув» и другие преданий

**SUMMARY.** This article discusses the issue of typology in Karakalpak and Kazakh folklore. Karakalpak and Kazakh tales are analyzed. The issue of typology of tales in oral folk art has not yet been studied, especially the typology of Karakalpak and Kazakh tales, typological plots, typological images have not been taken into account in the research. Comparative studies of Karakalpak and Kazakh folk tales are still a relevant topic. Sultan Saray, Aksha Kol, Guldursun, Ketenler, Kozı Korpesh and Bayan Suluv and other tales are analyzed in this article.

## «ЕР ҚОСАЙ» ДӘСТАНЫНДА ТЕҢЕЎЛЕРДИҢ ҚОЛЛАНЫЛЫЎЫ

**Қ.О.Бекбаулиев –** *еркин излениўши*
*Өзбекстан Республикасы Илимлер академиясы Қарақалпақстан бөлими*
*Қарақалпақ гуманитар илимлер илим-изертлеў институты*

**Таянч сўзлар:** достон, сюжет, образ, бадиий тасвирий восита, ўхшатиш, ғоя, диалог.
**Ключевые слова:** эпос, сюжет, образ, художественно-изобразительное средство, сравнение, метафора, идея, диалог.
**Key words:** epic, plot, image, artistic means of expression, simile, metaphor, idea, dialogue.

**Кирисиў.** Қарақалпақ қаҳарманлық дәстанларының бири «Ер Қосай»дың сюжетинде идея ҳәм образлардың ашылыўында көркем-сүўретлеў қуралларының бири теңеўлер өнимли қолланылады. Дәстанларда сүўретленип атырған ўақыяны көркем, анық, тәсиршең етип жеткерип беретуғын метафора, метонимия, синекдоха, аллегория, литота, символ сыяқлы бир неше сүўретлеў қураллары бар. Олар илимде троплар деп аталады. Усы троплардың ишинде ең әййемги түри ҳәм өнимли қолланылатуғыны теңеўлер болып табылады. Теңеўлер дәстанлардың сюжетинде жийи қолланылады ҳәм поэтикалық қурал сыпатында зәрүр ўазыйпаны атқарып, образ жаратыўға көмеклеседи. Баянланып атырған ўақыя сюжетиниң көркемлигин тәмийинлейди ҳәм жыраўдың сүўретленип атырған ўақыяға қатнасын, мақсети ҳәм нийетин билдиреди. Олар дәстандағы образлардың тәбиятына сәйкес қолланылып, белгили бир мәниде дәстүрий характерге ийе болып, эпик қәлип сыпатында қолланылады. Теңеў мазмунның ашылыўында әҳмийетли хызмет атқарады.

**Әдебиятлар анализи ҳәм методология**. Профессор Қ.Мақсетов: «Бул салыстырыўлар батырдың зулымлық күшлер үстинен олардың жеңисин тәмийинлеўши күши менен ерлигин айрықша атап көрсетеди. Батырдың күшин қүдиретли ҳайўанлардың күшине теңеў қарақалпақ дәстанларының әййемги элементлери деп айтыўға толық тийкар бар» [2:197], – деп жазған еди. Әййемнен-ақ адамлар айырым ҳайўанлар менен қусларға тотем сыпатында қараған. Оларды кийели деген исенимде сыйынған ҳәм муқаддес деп билген. Сонлықтан да академик В.М.Жирмунский ҳәм профессор Ҳ.Зарифов: «Идеал қаҳарманның ерлиги, мәртлиги, дене күши эпосқа дәстүр болған бир қатар жыртқыш ҳайўанларға теңеў арқалы көринеди. Бул жыртқыш ҳайўанлар ҳалықтың түсиниги бойынша усындай ең жоқарғы жаўынгерлик сыпатларға ийе.